

Nimewo 65

E G Z E K I T I F D E K R È

**SISPANSYON PWOVIZWA AK MODIFIKASYON DISPOZISYON OBLIGATWA KONSÈNAN
SÈVIS TRANSPÒ TIMOUN LEKÒL NAN VIL NEW YORK**

ALÒSKE, nan dat 26 oktòb 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 47 pou deklare yon ijans akòz katastwòf nan tout 62 konte Eta New York; epi

ALÒSKE, Ouragan Sandy te fòse deplasman 18.000 elèv depi nan klas matènèl pou rive nan klas 8yèm ane ant lokal lekòl regilye yo ak lòt bilding lekòl, pandan li te domaje yon gwo kantite otobis lekòl tou ki nesèsè pou bay sèvis transpò pou elèv yo; epi

ALÒSKE, Depatman Edikasyon Vil New York dwe fè aranjman pou jwenn lòt sèvis transpò pou asire elèv sa yo kapab kontinye ale lekòl;

KOUNYE A, KIDONK, mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann pou yon ti tan dispozisyon espesifik nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa kèk pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a akòz katastwòf, si konfòmite avèk dispozisyon sa yo ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesèsè pou siviv avèk katastwòf la, mwen sispann pou yon ti tan, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jouk lè gen lòt avi, nan sa ki anba la yo:

Seksyon 3623 Lwa sou Edikasyon, ak règleman yo pibliye annapre, nan limit egzijans otobis lekòl la pa dwe aplike nan veyikil-a-motè yo opere sou yon baz ijans pou sèvis transpò elèv Vil New York, timoun elèv, pwofesè ak lòt moun k ap aji nan kapasite sipèvizyon pou fè ale oswa vini nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la;

Seksyon 3624 Lwa sou Edikasyon ak Seksyon 501 Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon, ak règleman yo pibliye annapre, nan limit veyikil-a-motè ki opere sou yon baz ijans pou sèvis transpò elèv Vil New York, oswa nan lekòl la oswa aktivite lekòl la chofè ki pa satisfè kalifikasyon chofè otobis lekòl ka opere men ki kalifye pou opere veyikil-a-motè yo;

Seksyon 140 Lwa sou Transpò ak Seksyon 375 ak 383 Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon, ak règleman yo pibliye annapre, nan limit dispozisyon ki anvigè sèlman nan otobis lekòl pa dwe aplike nan veyikil-a-motè yo opere sou yon baz ijans pou transpò elèv Vil New York, pitit elèv, pwofesè ak lòt moun k ap aji nan kapasite sipèvizyon pou fè ale oswa vini nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan setyèm jou mwa novanm

nan ane de mil douz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a